

# **TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XIX – 9 AGUSTUS 2020**

## **Sakramen Bujana**

Gedung Induk Papringan, jam 06.30 WIB  
Pepanthen Nologaten, jam 08.30 WIB

### **1. Pacawisan: Imam Pandonga ing Konsistori**

**2. Liturgos :** “Pasamuwan kinasih wonte ing sang Kristus. Minangka Pradataning Pasamuwan, kula ngaturaken sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah Minggu punika. Mirunggan badhe kaladosaken Bujana Suci. Mugi kasarasan lan karahayon tansah wonten panjenengan sadaya. Saderengipun pangibadah kawiwitinan, kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, badhe kula aturaken pawartos GKJ Ambarrukma, Minggu 9 Agustus 2020, ingkang mekaten suraosipun: (*Maosaken Pawartos Pasamuwan*). Jangkeping pawartos saged dipun waos lumantar pawartos online kagem pasamuwan ingkang nindakaken pangibadah wonten dalem, utawi lumantar selebaran ingkang sampun kacawisaken ing ngajeng greja.

Pasamuwan kinasih, kinanthen manah ingkang suka-rena, sumangga kita purwakan pangibadah punika lumantar rerepen **Kidung Pasamuwan Jawi 26 : pada 1 lan 3 “Pinuji Gusti”....*Pasamuwan katuran jumeneng***

- (1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,  
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat. Refr:  
Haleluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.  
Haleluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.
- (3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,  
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.....Refr:

### **3. Votum tuwin Salam Karaharjan :**

*(Pasamuwan Jumeneng)*

**Pendeta** : Sesarengan kita mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten :  
**Sadaya** : **Pitulungan kawula punika pinangkanipun saking Sang Yehuwalh ingkang nitahken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

**Pendeta** : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwalh Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing Bapak, Ibu lan Sadherek sadaya.

**Pasamuwan** : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

**Sadaya** : **5 7 i / 5 7 i . / 5 4 3 . /**  
**Amin Amin Amin**

*(Liturgos : Pasamuwan kula aturi lenggha)*

### **4. Lektor : Waosan Sabda Introitus : Purwaning Dumadi 37 : 1 - 4, 12 - 28**

**Lektor** : “Mekaten sabdanipun Gusti”

**Jemaah** : “Puji sokur konjuk Gusti”

### **5. Liturgos :** “Pasamuwan kinasih, kadosdene ingkang sampun kacariosaken wonten ing Purwaning Dumadi kala wau, Gusti Allah tansah paring pitulungan dhumateng sinten kemawon ingkang pitados lan pracaya. Pramila minangka tiyang ingkang ngugemi kapitadosan dhumateng Allah, sumangga kita sami suka-rena memuji Gusti, amargi tansah paring pitulungan dhumateng kita. Kita repenaken kidung “Ajaib ing AstaMu, Yesus” (**Bait 1 – 2 – reff, bait 2 – reff-selesai**)

- (1) Ajaib ing astaMu, Yesus, Ironing gesang kawula  
 Nadyan datan purug sarta mangertosa kersaning Gusti Allah.  
 Jar ing kula nrimo Yesus, awrat kadorasa  
 Ing manah nelangsa kula tanpa daya ngadepi sedaya.
- Refr:  
 Kula mangertosi Gusti, Paduka ngayomi  
 Kula anyekseni saha mratelani ajaib ing astaMu (2x)
- (2) Jar ing kula nrimo Yesus, awrat kadorasa  
 Ing manah nelangsa kula tanpa daya ngadepi sedaya.....Refr:

## 6. Pendeta : maosaken Pratelan Sakramen Bujana.

## 7. Imam : Pangakening Dosa

**Imam :** “Bapak, Ibu lan Sadherek kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus, pratelan sakramen bujana, ngemutaken malih dhumateng kita sadaya bilih Gusti Allah maha mirah. Kados pundi kemawon awonipun kawontenan kita wonten ngarsanipun Gusti, namung Gusti kersa rawuh, lan tansah ngulungaken astanipun kagem nyucekaken dosa-dosa kita. Pramila, sumangga kita lumebet wonten ing pandonga pamratobat, ingkang badhe kita purwakan kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 307 : pada 1 lan 3 “Kula Nikai Tiyang Dosa”**

- (1) Kula nikai tiyang dosa lan sami timbalan.  
 Dening Gusti Kang Masuci, mrih sami tetunggilan.
- (3) Allah nrima dhateng kula punika panjerira  
 anggur roti kang denbukti minangka kang sarira.

## 8. Imam : Sumangga kita sowan Gusti lumantar pandonga pamratobat:

“Allah Sang Rama ingkang datan nilar katresnan dhumateng kawula ingkang kebak ing dosa, sanadyan ringkih lan cupet nalar budi kawula satemah tebih saking kasaenan, namung Paduka tansah nimbalii kawula wangsul malih supados kawula mboten kados menda ingkang kecalan pangenipun. Welas asih Paduka mboten nate kendhat, mitulungi dhumateng kawula ingkang tansah mbalela lan nerak paugeran Paduka. Pramila dhuh Allah, kawula namung saged nyuwun gunging sih Paduka, ngapunten sadaya dosa-dosa kawula. Kawula pasrahaken jiwa lan raga kawula wonten ngarsa Paduka. Mugi Paduka ugi paring berkah dhumateng kawula ingkang badhe mengeti pangurbanan Paduka ing kayu salib, lumantar bujana suci ingkang badhe kaladosaken. Mugi Paduka pulihaken kawula satemah kawula pantes nampi roti lan anggur pralambang pangurbanan Paduka. Amin.”

## 9. Pendeta : Sabda Pawartos Sih-Rahmat : Yokanan 1 : 12

## 10. Pendeta : Pangatag-atag Gesang Anyar : Mateus 6 : 31 - 33

**Liturgos :** “Asih tresnaning Gusti Allah punika mboten nate sirep, malah kepara kita dipun keparengaken dados putra-putranipun. Gusti paring piwucal supados kita mboten sami kuwatir punapa ingkang badhe kita tedhi, nanging kita kedah ngupadi Kratoning Allah. Kita sanggemi pawartos sih rahmat lan pangatag-atag gesang anyar punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 106 : pada 1 lan 3 “Amung Kumandel Iku”....Pasamuwan kula aturi jumeneng:**

- |   |   |
|---|---|
| (1) Amung kumandel iku uwiting karosanku.<br>Amung kumandel iku etuking kraharjanku | <u>Refr:</u><br>Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku<br>Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku. |
|---|---|

- (3) Srana pangandel iku ngilangken prihatinku.  
Srana pracaya iku sirna was-sumelangku.....Refr:

12. **WEDHARING SABDANIPUN GUSTI:** (*Pasamuwan Lenggah*)
- Pendeta : Maosaken : MATEUS 14 : 22 - 33  
Pendeta : “Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.”  
Psmwn : 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |  
Hale-luya Hale-luya Hale - lu - ya
- Irah-irahan : “Kéging Punapa Kok Ajrih?”  
Ancas : Jemaat percaya bahwa Allah memiliki rancangan indah dalam hidup setiap orang sehingga terdorong untuk hidup dengan keyakinan, bukan kekuatiran.

13. **Liturgos** : “Pasuuwan kinasih, sumangga kita sami nyawisaken manah lumbet ing paladosan Sakramen Bujana kanthi ngrepenaken **Kidung Pasamuwan Jawi 308** : pada 1 lan 2 “**Kula Sami Sesarengan**”

- (1) Kula sami sesarengan kembul bujana suci,  
yeku pratandhaning kurban, nggih kurbanipun Gusti.  
Roti anggur ibaratnya sarira miwah rahnya.
- (2) Bujana suci puniki sesengkeraning Gusti,  
ingkang denagem sarana ngrimat pitados kula;  
temahan saged ngraosken tentrem-rahayu langgeng.

- a) Pandita ngladosaken Roti.  
b) Pandita nyawisaken anggur, kairing **Kidung Pasamuwan Jawi 278** : pada 1 “**Wonten Darah Suci Mancur**”

Wonten darah suci mancur neng ardi Golgota,  
nggih rahiipun Gusti Yesus kang ngicalken dosa.  
Kang ngicalken dosa, kang ngicalken dosa.  
Nggih rahiipun Gusti Yesus kang ngicalken dosa.

- c) Pandita maosaken **Jabur Masmur 103**.

14. **Kempaling Pisungsung**
- Imam**: “Pasamuwan ingkang kinasih, kita sampun mirengaken sabdanipun Gusti, lan nampi bujana suci. Pramila minangka atur panuwun awit berkah saking Gusti, sumangga kita ngaturaken pisungsung Minggu, Wulanan, utawi Mirungan. Pisungsung minggu mawi kanthong 1 lan 2 kacawisaken kagem pasamuwan, kanthong 3 kagem panyengkuyung pengadaan rumah emeritus. Sasampunipun pisungsung kanthong kaedaraken, pasamuwan saged ngaturaken pisungsung sokur bujana mawi kotak ingkang kacawisaken ngajeng mimbar lan kasuwun pasamuwan sami njagi jarak.
- Atur pisungsung kinanthen sabdanipun Gusti minangka tetalesing atur panuwun, ingkang sinerat ing **Wulang Bebasan 3 : 9 - 10**, mekaten suraosipun: “**Pangeran Yehuwaluhurna kalawan bandhamu lan srana kawitaning sakehe pametumu; temah lumbungmu bakal dikebakil nganti luber, lan pamipitanmu luber anggure.**”

**Imam** : Kempaling pisungsung kinanthen repening **Kidung Pasamuwan Jawi 173 “Mara Dha Aturna Pisungsungmu”**

Mara dha aturna pisungsungmu ing papan kang piniji;  
muga dadi keparenge Gusti; minangka pangabektimu (2x)

Mangkya singkirna was sumelangmu, ginanti gumbiraning atimu;  
rinengga niyat kang warni-warni, pindha pusrita megar nglam-lami

Mara dha aturna pisungsungmu ing papan kang piniji;  
muga dadi keparenge Gusti; minangka pangabektimu (2x)

Kalawan ati bungah menuhi, ing papan kang piniji.  
muga dadi keparenge Gusti; mundhut kembanging atimu.

Ngaturna klawan eklasing ati, ing papan kang piniji;  
muga dadi lan renane Gusti; nampeni pangabektimu (2x)

**15. Pendeta : Pandonga Sokur lan Syafaat** *(Pasamuwan Lenggah)*

**16. Liturgos** : Sumangga kita nglairaken pangaken dhumateng Gusti sesarengan kaliyan umat ing salumahing bumi, kanthi **Pangaken Pitados Rasuli....Pasamuwan kula aturi jumeneng**

**17. Pendeta : Berkah**

**18. Liturgos** : “Pasamuwan kinasih, pangibadah minggu punika sampun purna, Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng Bapak/Ibu Pandhita....., ingkang sampun medharaken sabdaning Gusti, para petugas PPI ingkang sampun lelados satemah pangibadah saged kaleksanan kanthi lancar, semanten ugi dhumateng Pasamuwan ingkang sampun rawuh. Sugeng kondur, sumangga tansah njagi kasarasan kanthi netepi punapa ingkang dados protokol kesehatan amrih katebihaken saking penularan wabah Covid-19. Sugeng dinten minggu, Gusti Paring Berkah, lan sumangga kita pungkasi pangibadah punika, kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi 335 : pada 1 “Ana Prau Layar”**

Ana prau layar margi raharja,  
Gusti kang dadi Juru mudhi nira;  
sapa kang arep uwal king cintaka,  
nungganga ing prau ne mesthi waluya.

Nungganga kanca! mara nungganga!  
Aja wedi ing ombak wah prahara;  
de prau ne Gusti mesthi datan kintir,  
mesthi slamet lakune. Mula ja kwatir.